

Eta Massachusetts la

Executive Office of Health & Human Services — Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen
 Department of Developmental Services (DDS) — Depatman Sèvis Developmantal
 Aplikasyon pou Kalifye pou DDS

RANSÈYMAN SOU MOUN K AP FÈ DEMANN NAN

Tranch laj moun k ap fè demann nan:

- Ant 5 an ak 22 an 22 an oubyen plis

Non konplè: _____
 Non Famili _____ Prenon _____ Dezyèm Prenon _____
 Dat Nesans: ____/_____/_____

Adrès: _____
 Nimewo _____ Non Ri _____ # Apatman _____

Vil/Bouk _____ Eta _____ Zip _____ # Sekirite Sosyal _____

Nan ki lang moun k ap fè demann nan, paran an, oswa responsab la ta renmen:

- Pale de moun k ap fè demann nan? _____
- Resevwa materyèl ekri konsènan moun k ap fè demann nan? _____
- Èske sèvis entèprèt nesesè pou odisyon? Wi Non

NOTE SA: Tradiksyon ak entèprèt gratis pou moun ki fè demann.

Ki pi bon fason pou n kontakte w? (Tanpri, tcheke tout sa k ap bon)

- Prensipal () _____ Èske n ka kite yon mesaj? Wi Non
 Segondè () _____ Èske n ka kite yon mesaj? Wi Non
 Imèl _____

DOKIMAN KI OBLIGATWA YO

Tout aplikasyon pou DDS bezwen kopi dokiman ki vin apre yo:

- Akt de Nesans
- Kat Sekirite Sosyal
- Kat Asirans Sante (MassHealth, Medicare, Asirans Prive)
- Prèv li abite MA – Pa egzanp, Pèmi Kondui MA, Kat Idantite MA, Bòdwo Itilite avèk Non/Adrès
- Dokiman ki rapòte dyagnostik ki montre w ranpli kritè yo pou sa w vle yo konsidere w la
- Fòmilè Enfomasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite (li tou ansanm ak aplikasyon sa a)

Si moun k ap fè demann nan oswa ou menm te resevwa nenpòt lòt sèvis/evalyasyon ki vin apre yo, tanpri, bay dokiman pou yo:

- “Early Intervention” (Entèvansyon pou Timoun Piti)/ Pwofil Developmantal
- IEP (Pwogram Edikasyon Pèsonèl) ak evalyasyon ki gen rapò avè l oswa Plan Aranjman 504
- Rapò sou Konpetans Adaptasyon
- Rapò ki montre dyagnostik difinitif yon andikap entelektyèl (ID) ak/oswa andikap nechèl otis (ASD)
- Rapò sou QI grasa yon evalyasyon sikolojik oswa newo-sikolojik
- Rezulta evalyasyon jenetik pou Smith-Magenis, Prader-Willi oswa yon lòt kondisyon jenetik

RESPONSABLITE

Ranpli pati sa a sèlman si yon tribinal nome yon moun responsab moun k ap fè aplikasyon an

Si tribinal la nome yon responsab, fòk ou depoze dokiman sou responsabilite yo ansanm ak aplikasyon an. Si tribinal la nome yon responsab, fòk se li menm ki siyen aplikasyon sa a.

Non Responsab Legal la _____
Non Fanmi _____
Prenom _____
Pou moun k ap fè aplikasyon an _____

Adrès Responsab la _____
Nimewo ak Ri _____
Vil/Bouk _____
Zip _____

Imèl _____
Telefòn _____

SITIYASYON NAN MOMAN AN

Èske ou menm oswa moun k ap fè demann nan;

- | | | |
|---|--|--|
| Rete lakay ansanm ak fanmi !? | Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> | _____
Si non, ki kote w viv, eksepte yon lekòl rezidansyèl? |
| Rete nan yon lekòl rezidansyèl? | Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> | _____
Si wi, bay non lekòl la |
| Sanzabri? | Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> | _____
Si wi, depi konbyen tan? |
| Enplike ak kèlkeswa lòt òganizasyon deta? | Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> | _____
Si wi, ki òganizasyon? |
| Etène lopital nan moman an? | Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> | _____
Si wi, bay non lopital la |
| Enskri lekòl/kolèj? | Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> | _____
Si wi, bay non lekòl/kolèj la |

KALITE APLIKASYON

Kondisyon Developmantal ki gen yon Rapò Pwòch (Pou timoun/adilt ki gen ant 5 ak 22 an)

Èske w ap fè demann nan DDS poutèt yon Kondisyon Developmantal ki gen yon Rapò Pwòch? (115 CMR 6.06 (1) Wi Non
NOTE SA: Kondisyon Developmantal ki gen yon Rapò Pwòch yo gen ladan yo andikap jenetik.

Si w ap fè demann antanke yon moun ki gen yon Kondisyon Developmantal ki gen yon Rapò Pwòch, fòk ou depoze yon rapò dyagnostik konplè ki soti nan yon pwofesyonèl kalifye e lisanse, tankou yon Ph.D, Psy.D MD elatiriye. Fòk dyagnostik ou verifye nan dokiman yo oswa nan rezulta Tès Jendetik yo.

Andikap Entelektyèl

Èske w ap fè demann nan DDS poutèt yon Andikap Entelektyèl (ID)?
Wi Non
Si w ap fè demann antanke yon moun ki gen yon andikap entelektyèl (ID), fòk ou depoze, ansanm ak aplikasyon sa a, yon rapò dyagnostik konplè ki soti nan yon pwofesyonèl ki kalifye e lisanse tankou yon Ph.D, Psy.D MD elatiriye. Fòk dokiman sa a (yo) verifye dyagnostik ou a. Sa gen ladan l QI ak evalyasyon entelijans.

Andikap Nechèl Otis (“Autism Spectrum Disorder” oswa ASD)

Èske w ap fè demann nan DDS poutèt yon Andikap Nechèl Otis (ASD)?

Wi Non

Si w ap fè demann pou yon moun ki gen andikap Nechèl Otis (ASD), fòk ou depoze, ansanm ak aplikasyon sa a, rapò dyagnostik konplè ki soti nan yon pwofesyonèl ki kalifye e lisanse tankou yon Ph.D, Psy.D MD elatriye.

Sendwòm Prader-Willi

Èske w ap fè demann nan DDS poutèt sendwòm Prader-Willi?

Wi Non

Si w ap fè demann antanke yon moun ki gen Prader-Willi, fòk ou depoze, ansanm ak aplikasyon sa a, tès jenetik yo ki verifye dyagnostik Prader – Willi a.

Sendwòm Smith Magenis

Èske w ap fè demann nan DDS poutèt Sendwòm Smith Magenis?

Wi Non

Si w ap fè demann antanke yon moun ki gen Sendwòm Smith Magenis, fòk ou depoze, ansanm ak aplikasyon sa a, tès jenetik ki verifye dyagnostik Smith Magenis la.

Rès paj la vid

PARAN OSWA KONTAK PWÓCH

Non Konplè: _____ Sa li ye pou li: _____
Non Fanmi Prenon Sig Dezyèm Prenon Pou moun k ap fè demann nan

Nimewo Non Ri # Apatman Vil Eta Zip

Ki pi bon fason pou n kontakte yo? (Tanpri, tcheke tout sa k ap bon)

- Prensipal () _____ Èske n ka kite yon mesaj? Wi Non

Segondè () _____ Èske n ka kite yon mesaj? Wi Non

Imèl _____

KONTAK OTORIZE (YO)

Si w gen yon moun ou ta renmen otorize yo antanke yon kontak nan objektif pou ede w kalifye, tanpri, endike yo pi ba. Li gendwa yon travayè sosyal, pwofesè, terapis, elatriye. Moun sa a pa ka responsab legal la.

Non Konplè: _____ Sa li ye pou li: _____
Non Fanmi Prenon Sig Dezyèm Prenon Pou moun k ap fè demann nan

Nimewo Non Ri # Apatman Vil Eta Zip

Ki pi bon fason pou n kontakte yo? (Tanpri, tcheke tout sa k ap bon)

- Segondè () _____ Èske n ka kite yon mesaj? Wi Non
 Imèl

Mwen bay DDS pèmisyon m pou yo pale de aplikasyon m e dosye m yo avèk moun mwen site non l pi wo a nan objektif suiv pwoesisis pou detèmine si m kalife a.

Siyati Moun k ap Fè Demann nan/Responsab Legal

Dat

Eta Massachusetts
Department of Developmental Services (DDS) – Depatman Sèvis Developmantal

FÒMILÈ OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON

SEKSYON I. Ransèyman Pèsonèl:

Non Moun nan: _____

Lòt Non: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____

Sekirite Sosyal: _____

Dat Nesans: _____

- Mwen otorize Depatman Sèvis Developmantal la pou 1 bay founisè, òganizasyon, antite, oswa moun mwen site nan Seksyon II a enfòmasyon ki vin apre yo:
- Mwen otorize founisè, òganizasyon, antite, oswa moun mwen site nan Seksyon II a pou 1 bay Depatman Sèvis Developmantal la enfòmasyon ki vin apre yo:

Evalyasyon Sikolojik
 Istwa Medikal
 Istwa Edikatif

Tout dosye a nèt
 Istwa Medikaman
 ITP/ISP (Plan Tranzisyon
Pèsonèl/Plan Etid Pèsonèl)

Lòt Plan Sèvis
 Dokiman sou Responsabilite
 Rapò Lopital

Lòt (Presize) _____

SEKSYON II. Moun ki Otorize a (yo). Mwen bay pèmisyon m pou founisè, òganizasyon, antite, oswa moun mwen site pi ba a pou 1 pataje/resevwa enfòmasyon mwen te site nan Seksyon I an avèk/nan men Depatman Sèvis Developmantal la:

Non _____

Organizasyon _____

Adrès _____

SEKSYON III. Objektif ki fè yo bay Enfòmasyon an. Tanpri, mete nan ki objektif yo pral itilize oswa bay enfòmasyon an (pa egzanp, swen medikal, legal, asirans, pèsonèl, elatriye). Se pou ou presi. Si w pa vle site yon rezon, ou gendwa jis ekri “se mwen k mande l”, si se ou menm ki otè demann nan.

Li entèdi pou yo itilize enfòmasyon sa a pou nenpot lòt itilite, oswa pou yo bay nenpot lòt moun li, selon lalwa Massachusetts la ak règ ak pwotokòl Depatman an.

SEKSYON IV. Lòt Moun yo ka Bay li. Depatman Sèvis Devlopmantal la oswa founisè, òganizasyon, antite, oubyen moun mwen te site nan Seksyon II a gendwa pataje enfòmasyon m avèk moun oubyen òganizasyon sa a (yo):

Non

Organizasyon

Adrès

SEKSYON V. Otorizasyon. Yo te fè m konnen ki byenfè ak ki dezavantaj ki genyen si m bay enfòmasyon ki pi wo a epi mwen bay li volontèman. Mwen konprann mwen gen dwa pou m revoke otorizasyon an nenpòt ki lè. Si m revoke otorizasyon sa a, fòk mwen fè sa alekri epi fòk mwen prezante 1 bay moun/etablisman/òganizasyon mwen te otorize pou 1 bay enfòmasyon an. Mwen konprann revokasyon an pap aplikab anvè enfòmasyon yo te déjà bay poutèt otorizasyon mwen te bay la.

Otorizasyon sa a pral ekspire _____ (dat oswa evènman; fòk li pa plis pase ennan). Mwen konprann yonfwa yo fin bay enfòmasyon ki pi wo a, moun ki resevwa 1 la gendwa bay lòt moun li epi enfòmasyon an gendwa pa jwenn pwoteksyon ankò selon lwa federal oswa lwa eta sou vi prive moun. Mwen konprann si m otorize pou moun itilize oubyen bay enfòmasyon ki pi wo a, se yon bagay volontè. Mwen konprann mwen pa oblige siyen fòmilè sa a pou m kontinye resevwa sèvis sante nan men DDS.

Siyati Moun ki Sijè Enfòmasyon an oswa Responsab Li

Dat

Ekri non an avèk lèt detache (epi idantifye otorite legal ou genyen si w se yon responsab legal oswa yon lòt reprezantan legal/otorize)

SEKSYON VI. Otorizasyon Presi. Mwen otorize yo bay enfòmasyon ki vin apre a (tcheke tout sa ki aplikab):

- Si dosye meidkal mwen gen enfòmasyon sou antikò ak tès antijèn VIH ki konfidansyèl selon M.G.L. c.111 S.70F, yon dyagnostik VIH/SIDA oswa tretman pou VIH/SIDA, mwen bay otorizasyon presi pou yo libere oubyen bay enfòmasyon sa yo.
- Si dosye medikal mwen gen enfòmasyon sou tretman pou alkòl oubyen dwòg ki konfidansyèl selon Regleman Federal, 42 CFR, Pati 2, mwen bay otorizasyon presi pou yo libere oubyen bay enfòmasyon sa yo.

Siyati moun ki sijè enfòmasyon an oswa responsab li

Dat

ENSTRIKSYON:

1. Fòk ou ranpli tout fòmilè sa a nèt (sof pati Otorizasyon Presi a) pou yo konsidere 1 kòm valid.
2. Asire w dat ekspirasyon an oubyen evènman w site nan paj 2 a pratik.
3. **Distribisyon kopi: Bay founisè a orijinal la; bay moun oubyen reprezantan pèsonèl li yon kopi; bay moun/etablisman/òganizasyon ki fè demann nan yon kopi.**

OTORIZASYON POU KALIFYE POU DDS

Mwen mande pou Depatman Sèvis Delvopmantal la (DDS) chèche detèmine si m kalifye pou sèvis. Pèmisyon sa a valab jiskaske aplikasyon m fin trete nèt oswa si m avize DDS alekri mwen revoke l.

Siyati otorizasyon an pou detèmine kalifikasyon: _____

Non Moun ki Fè Demann nan

Moun ki Fè Demann nan Responsab Legal

Siyati Moun k ap fè Demann nan/Responsab Legal li _____

Dat _____

Ekri ak lèt detache Non Moun k ap fè Demann nan/Responsab Legal li Adrès konplè responsab legal la

_____ - _____ - _____
Prensipal

_____ - _____ - _____
Segondè

DÈNYE ENSTRIKSYON POU DEPOZE YON APLIKASYON NAN DDS

- Asire w tout enfòmasyon ki nan aplikasyon an konplè
- Asire w tout siyati ki obligatwa yo konplè
- Ajoute tout dokiman ki obligatwa yo ansanm ak aplikasyon sa a
- Nan paj ki vin apre yo, li ENFÒMASYON SOU PWOTOKÒL KONFIDANSYALITE a (4 paj)
 - Kenbe 4 paj yo nan Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite a pou dosye pa w la
 - Siyen e remèt Fòmilè Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite a ansanm ak aplikasyon an

Voye pake sa ou fin rnapli a bay Biwo Rejyonal DDS ki nan zòn ou an, c/o (nan men) Ekip Kalifikasyon Rejyonal nou idantifye pi ba a. Si w gen nenpot kesyon anvan w voye aplikasyon w ak lòt dokiman yo, tanpri, mete w alèz pou w kontakte Ekip Kalifikasyon Rejyonal ki nan zòn ou an.

DDS Zòn Sant/Lwès

One Federal Street

Bldg. 111-2

Springfield, MA 01105

Telefòn: (413)-205-0940

Faks: (413) 205-1603

DDS Zòn Metwo

465 Waverley Oaks Road Suite

120 Waltham, MA 02452

Telefòn: (781) 314-7513

Faks 781-314-7539

DDS Zòn Sidès

151 Campanelli Drive Suite B

Middleboro, MA 02346

Telefòn (508)-866-8800

Nimewo Faks: (508) 866-8859

DDS Zòn Nòdès

Hogan Regional Center

PO Box A Hathorne, MA 01937

Telefòn: (978) 774-5000 ekstansyon 850

FAKS 978-739-0420

Eta Massachusetts la

Executive Office of Health & Human Services – Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen
Department of Developmental Services (DDS) – Depatman Sèvis Devlopmantal

Fòmilè Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite

Non Moun k ap Fè Demann nan: _____

Etablisman/Rejyon/Zòn/Pwogram: _____

Mwen te egzmine yon kopi Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite DDS la

➡ Siyati: _____ Dat: _____

Moun nan oubyen Reprezantan Pèsonèl li ki gen otorite legal pou l pran desizyon sou swen sante li

Si yon Reprezantan Pèsonèl te siyen l:

Ekri Non an: _____

Wòl li Jwe: _____ (paran/responsab elatriye)

Temwen: _____ Dat: _____

Fòk yo kenbe fòmilè sa a pou omwen 6 an nan dosye ki apwopriye a ann amoni ak liv
mànyèl Konfidansyalite DDS la.

Eta Massachusetts la
Executive Office of Health & Human Services — Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen
Department of Developmental Services (DDS) — Depatman Sèvis Devlopmantal

KENBE DOKIMAN SA A NAN DOSYE W YO

ENFÒMASYON SOU PWOTOKÒL KONFIDANSYALITE

DOKIMAN SA A DEKRI KI JAN YO GENDWA ITILIZE ENFÒMASYON SOU SANTE W KI KONFIDANSYÈL, EPI L PALE DE KI JAN W KA JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA A. TANPRI, BYEN EGZAMINE L.

Objektif:

Dokiman sa a fèt pou l enfòme w konsènan pwotokòl konfidansyalite Depatman Sèvis Devlopmantal la ansanm ak devwa legal ki gen rapò ak pwoteje konfidansyalite dosye medikal oubyen sante ou yo nou te kreye oubyen resevwa. Enfòmasyon sa a esplike tou ki dwa w genyen anrapò ak enfòmasyon sou sante w ak responsablitè Depatman an genyen yo. Jan n esplike sa pi ba a, lalwa a egzije nou asire konfidansyalite tout enfòmasyon medikal ak enfòmasyon sante ki idantifye w.

Si w gen nenpòt kesyon sou sa k nan dokiman Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite sa a, si w bezwen kontakte yon moun nan Depatman an sou nenpòt nan enfòmasyon ki nan Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite sa a, oswa si w gen yon plent anrapò ak Pwotokòl Konfidansyalite Depatman an, ou gendwa kontakte Biwo Konfidansyalite Depatman an nan:

Privacy Officer (Biwo Konfidansyalite)
Department of Developmental Services (Depatman Sèvis Devlopmantal)
1000 Washington Street
Boston, MA 02118
(888) 367-4435, ekstansyon 7717

I. Ki sa Enfòmasyon sou Sante ki Konfidansyèl ye?

Enfòmasyon sou Sante ki Konfidansyèl (**PHI**) se enfòmasyon Depatman an chèche konsènan sante w oubyen kondisyon w nan pase, aprezan, oswa alavni, konsènan fason yo ba w swen sante, oswa konsènan peman pou swen sante. Kit li baze sou pwotokòl konfidansyalite pa nou, kit li baze sou lwa sou konfidansyalite yo, Depatman an gen yon devouman depi lontan pou l pwoteje vi prive w ak nenpòt enfòmasyon pèsonèl sou sante w nou genyen. Selon lalwa federal la, nou oblige ba w Enfòmasyon sa a sou pwotokòl konfidansyalite nou yo ki esplike ki fason, ki lè, ak poukisa nou gendwa itilize oubyen bay PHI w.

Ou gendwa mande yon kopi enfòmasyon sa a nan men nenpòt biwo Depatman Sèvis Devlopmantal. Epitou, nou poste l sou sit wèb nou an nan www.dds.state.ma.us.

II. Ki Fason Depatman an gendwa Itilize e Bay PHI w?

Pou ba w sèvis, fòk DDS itilize e bay Enfòmasyon sou Sante ki Konfidansyèl diferan fason. Sa k vin apre a se egzanp sou diferan fason nou ka itilize e bay PHI ki pèmi *san otorizasyon w*.

An jeneral, Depatman an gendwa itilize oubyen bay PHI w fason sa yo:

- **Pou Tretman:** DDS gendwa itilize PHI sou ou pou ba w tretman oubyen sèvis. Pa egzanp, manm ekip tretman w yo gendwa pale de PHI w antre yo yon fason pou devlope e pou suiv yon plan pou sèvis y ap ba w yo. Oubyen tou, DDS gendwa bay moun oubyen founisè sèvis andeyò Depatman an PHI sou ou si yo enplike nan pran swen w, men se sèlman minimòm enfòmasyon ki nesesè a n ap bay pou sa ka fèt.
- **Pou Jwenn Peman:** DDS gendwa itilize oubyen bay PHI w pou yo ka faktire e chèche peman pou sèvis swen sante w resevwa. Pa egzanp, DDS gendwa bay pwogram Medicaid la, Biwo Sekirite Sosyal la, pèsonèl Depatman an, oswa yon konpayi asirans prive sèten pati nan PHI ou.
- **Pou Fonksyònman Swen Sante:** DDS gendwaitilize oubyen bay PHI ou pandan fonksyònman etablisman, biwo, sant developman, ak tout lòt pwogram Depatman yo. Li nesesè pou itilize oubyen bay enfòmasyon konsa pou n ka fè pwogram nou yo mache, sa gen ladan l asire tout kliyan nou yo resevwa swen bon kalite. Pa egzanp, nou gendwa itilize PHI ou pou amelyore kalite swen n ap bay lè n ap egzamine tretman ak sèvis nou te bay yo oswa lè n ap evalye pèfòmans Depatman an ak/oswa pèsonèl ki te pran swen w. Epitou, nou gendwa bay doktè, enfimyè, teknisyen, élèv lamedsin, ak lòt pèsonèl ki pi wo yo enfòmasyon nan objektif pou yo egzamine e aprann. Li gendwa nesesè tou pou n jwenn oubyen fè echanj enfòmasyon w avèk lòt òganizasyon deta Massachusetts.

Lalwa pèmèt nou itilize oubyen bay PHI ou *san konsantman w oswa otorizasyon w* nan sikonstans ki vin apre yo:

- **Lè Lalwa Egzije sa oswa Pou Sèten Fonksyon Gouvèmantal Presi:** DDS gendwa bay PHI lè yon lwa egzije nou rapòte enfòmasyon lè nou sispek gen abi, neglijans, oswa vyolans familyal, oswa lè nou sispek gen sèten kalite aktivite kriminèl, oswa lè tribinal la pase nou yon lòd. Epitou, nou gendwa bay otorite yo PHI pou yo ka siveye si n ap obeyi egzijans konfidansyalite sa yo. Nou gendwa bay pwogram byenfè gouvèmantal PHI tou anrapò ak kalifikasyon ak enskripsyon, tankou Medicaid, pou deklarasyon konpansasyon travayè, e pou rezon sekirite nasyonal, tankou pou pwoteje prezidan an.
- **Pou Aktivite Sante ak Sekirite Biblik la:** DDS genwa bay PHI lè nou oblige chèche enfòmasyon konsènan maladi oubyen blese, oswa pou n ka rapòte statistik ki esansyèl bay otorite sante biblik yo, pou n ka rapòte reyaksyon negatif medikaman pote, pou yo ka antre sèten pwodui, oswa pou fè prevansyon maladi.
- **Pou Aktivite Siveyans Sante:** DDS gendwa bay PHI pa anndan Depatman an oswa yo gendwa bay lòt òganizasyon ki responsab pou siveye sistèm swen sante a nan objektif rapòte oswa envestige ka ki biza e pou kontwole pwogram Medicaid la.
- **Anrapò ak Lanmò:** DDS gendwa bay PHI ki gen rapò ak lanmò bay kowonè, medsen lejis, oswa direkèt ponp finèb, epi yo gendwa bay òganizasyon ki responsab pou yo chèche ògàn yo enfòmasyon ki gen rapò ak don oubyen grèf ògàn, je, oswa tisi. Yo gendwa bay enfòmasyon tou ki gen rapò ak envestigasyon entèn oubyen ekstèn.
- **Nan Objektif Rechèch, Verifikasiyon, oswa Evalyasyon:** Nan sèten sikonstans, e selon siveyans yon komite rechèch, DDS gendwa devwale PHI bay rechèchè ak moun yo deziyen pou ede yo fè rechèch yo.
- **Pou Reponn Pwosè ak Aksyon Jidisyè:** DDS gendwa pataje enfòmasyon sou sante w pou reponn yon lòd tribinal oubyen lòd administratif, oswa pou reyponn yon manda, nan pwen lalwa eta a oubyen lalwa federal la otorize sa, san wete, pami lòt, G.L. c. 123B, § 17 (Konfidansyalite Dosye DDS yo); G.L. c. 66A, § 2 (Lwa sou Enfòmasyon/Pwotokòl ki Jis); G.L. c. 111, § 70(f) (tès VIH); G.L. c. 111B, § 11 (tretman pou alkòl); ak G.L. c. 111E, § 18 (tretman pou dwòg).
- **Pou Evite Menas pou Sante oubyen Sekirite:** Pou evite yon menas grav pou sante ak sekirite moun, DDS gendwa devwale PHI, si sa nesesè, bay fòs lalwa oubyen lòt moun ki ka rezonableman anpeche oubyen diminye yon menas.

III. Itilizasyon ak Pwopagasyon PHI avèk Otorizasyon w.

Pou itilize e bay enfòmasyon ki pa nan objektif tretman, peman, oubyen fonksyònman swen sante, nou oblige chèche otorizasyon w alekri, sof si se pou itilize oubyen bay enfòmasyon an selon youn nan eksepsyon ki pi wo yo. Ou gendwa revoke otorizasyon w nenpòt ki lè, sa ki pral anpeche yo itilize/bay enfòmasyon an alavni, apa de kote nou gentan kòmanse

yon aksyon deja ann amoni ak otorizasyon w te bay la.

IV. Itilize e Devwale yon Fason Limite Bay Fanmi, Zanmi, ak Lòt Moun Si w pa Souvle yon Objeksyon

Nou gendwa devwale yon kantite PHI limite bay fanmi w, zanmi w, oswa lòt moun ki enplike nan swen w si nou fè w konn sa davans epi w pa souvle yon objeksyon, depi lalwa pa entèdi nou bay enfòmasyon an.

V. Preferans ou sou Fason DDS Pataje Enfòmasyon sou Sante w ki Konfidansyèl

Pou sèten enfòmasyon sante, ou ka fè DDS konnen preferans ou sou ki jan/ki sa nou gendwa pataje. Nan ka sa yo, ou gen ni dwa a, ni chwa a pou w mande DDS:

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi w, zanmi pwòch ou, oswa lot moun ki enplike nan swen w;
- Pataje enfòmasyon nan ka kote y ap bay sekou apre yon dezas;
- Ajoute enfòmasyon w nan yon ànyè lopital/etablisman an;
- Kontakte w lè n ap chèche fon.

Si w pa ka di nou preferans ou yo, tankou si w endispoze, DDS gendwa pataje enfòmasyon w si nou panse l ap defann enterè w. Epitou, nou gendwa pataje enfòmasyon w lè sa nesesè pou diminye yon menas imeda ki grav pou sante ak sekirite moun.

VI. Enfòmasyon nou Pa Ka Bay

Depatman an pap janm itilize oubyen bay enfòmasyon sou sante w ki konfidansyèl nan objektif maketing, pou vann enfòmasyon w, oswa pou pataje pifò nan nòt sou terapi sikolojik ou yo, sof si w te ban nou pèmisyon w alekri ki otorize nou fè sa. Nan ka kote n ap chèche fon, DDS gendwa kontakte w lè n ap chèche fon, men ou gendwa di DDS pou yo pa kontakte w ankò.

VII. Dwa w genyen Konsènan Enfòmasyon sou Sante w ki Konfidansyèl

Ou gen dwa ki vin apre yo anrapò ak enfòmasyon sou sante w ki konfidansyèl:

- **Dwa pou w Jwenn yon Kopi bwochi Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite a:** Ou gendwa mande DDS yon kopi dokiman sa sou papye nenpòt ki lè.
- **Dwa pou w Egzamine e Mande yon Kopi PHI Ou:** Apa de si aksè ak dosye w yo gen restriksyon pou rezon tretman ki klè e ekri, ou gen dwa pou w egzamine e jwenn yon kopi enfòmasyon sou sante w ki konfidansyèl ki sou papye oswa ki dijital, depi w mande sa alekri. Pou w fè demann sa a, ou dwe ekri Ofisyè Konfidansyalite a pa mwayen kowòdonatè sèvis ou oswa biwo ki nan zòn ou an. DDS pral reponn demann ou nan yon espas 30 jou. Si w vle yon kopi PHI ou, yo gendwa evalye yon frè pou sa.
- **Dwa pou ou Chwazi yon Moun pou Aji pou Ou:** Si w bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a gendwa eggèse dwa w genyen yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante w nan pwen lalwa a otorize sa. DDS pral respekte demann/chwa moun ou otorize legalman pou l reprezante w la fè, nan pwen lalwa a otorize sa.
- **Dwa pou ou Mande Restriksyon sou Fason Nou Itilize/Bay Enfòmasyon w:** Ou gen dwa pou ou mande DDS limite fason nou itilize oubyen bay PHI w oswa pou ou mande DDS pa itilize oubyen pataje sèten enfòmasyon sou sante w pou tretman, peman, oubyen fonksyònman swen sante. Depatman an pral konsidere demann ou fè a, men l pa legalman oblige dakò ak restriksyon an si l genddwa afekte swen oubyen sèvis y ap ba w. Si w peye tout yon sèvis oubyen swen sante avèk lajan pa w, ou ka mande DDS pa pataje enfòmasyon sa a nan objektif peman oubyen fason n ap boule avèk asirans sante w.

- **Dwa pou ou Chwazi Fason pou n Konatke w:** Ou gen dwa pou ou mande DDS voye ba w enfòmasyon nan yon lòt adres oswa pa mwayen yon lot fòm komunikasyon; sa gen ladan 1 si w mande nou kontakte w yon fason ki konfidansyèl.
- **Dwa pou ou Mande yo Chanje PHI w:** Si w panse gen yon erè oubyen enfòmasyon ki manke nan dosye PHI w la, ou gendwa mande nou alekri pou DDS korije oubyen ajoute sou dosye a. DDS pral reponn nan yon espas 60 jou depi 1 fin resevwa demann nou. Si n rejte demann ou, n ap ba w rezon an epi n ap esplike w ki dwa w genyen pou yo ajoute nan PHI w la demann ou te fè a, rejte nou te rejte 1 la, ansanm ak nenpot deklarasyon w te ban nou kòm repons.
- **Dwa pou ou Mande yon Rapò sou ki Enfòmasyon nou te Bay:** Nan sèten sikontans, ou gen dwa pou ou jwenn yon lis ki detaye ki PHI nou te bay, ki lè, bay kiyès, e nan ki objektif.
- **Dwa pou ou Depoze yon Plent:** Si w panse DDS gendwa te vyole dwa w genyen sou konfidansyalite, oswa si w pa dakò avèk yon deizyon Depatman an te pran anrapò ak aksè ak PHI w, ou gen dwa pou w depoze yon plent avèk Ofisyè Konfidansyalite DDS la (“DDS Privacy Officer”). Epitou, ou gen dwa depoze yon plent bay U.S. Depatman Sante ak Sèvis Imen an (HHS), Biwo pou Dwa Sivil la (“U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights”) lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, lè w rele nan 1-877-696-6775, oswa lè w vizite sit wèb HHS la nan: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/. Depatman an pap poze okenn aksyon kont ou si w fè yon plent konsa.

VIII. Responsablitè DDS genyen anrapò ak Konfidansyalite ak Sekirite

Depatman an gen responsablitè ki vin apre yo anrapò ak enfòmasyon sou sante w ki konfidansyèl:

- **Pwoteje Konfidansyalite Enfòmasyon sou Sante w:** Lalwa egzije DDS pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante w ki konfidansyèl.
- **Fè w Konn si gen Vyolasyon:** DDS pral kontakte w tousuit si gen yon vyolasyon sekirite ki gendwa te mete an danje konfidansyalite oubyen sekirite enfòmasyon sou sante w ki pa t sekirize.
- **Enfòmasyon sou Pwotokòl Konfidansyalite:** Fòk DDS suiv responsablitè ak pwotokòl konfidansyalite ki nan dokiman sa a epi fòk yo fè kopi yo disponib pou ou.
- **Itilize e Bay Enfòmasyon avèk Otorizasyon:** DDS pap itilize oubyen pataje enfòmasyon w, sof nan fason nou dekri pi wo a nan dokiman sa a, e sof si w otorize sa alekri. Epitou, ou gendwa chanje lide w e revoke otorizasyon w nenpòt ki lè lè w kontakte Depatman an alekri.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Aplikasyon Enfòmasyon sa a ak Dat li Aplikab:

Enfòmasyon sa a aplikab anvè itilizasyon ak pwopagasyon enfòmasyon sou sante ki konfidansyèl ki nan Etablisman, Biwo, Sant Developmantal, ak Sant Rejyonal Depatman an, ak tout lòt pwogram Depatman yo; sa gen ladan 1 lè moun oubyen antite k ap patisipe nan Aranjman Swen Sante Òganize (OHCA) avèk Depatman an ki itilize oubyen bay PHI. Nenpòt moun oubyen antite ki enplike ak DDS konsa nan yon OHCA oblige suiv responsablitè ak pwotokòl konfidansyalite DDS yo jan yo ye nan dokiman sa a.

Enfòmasyon sa a aplikab apati 14 avril 2003 (epi selon revizyon 1 septanm 2014 la). Depatman an gen dwa pou 1 pote chanjman nan pwotokòl konfidansyalite 1 yoak kondisyon ki nan dokiman enfòmasyon sa a nenpòt ki lè. Nouvo dokiman enfòmasyon an pral disponib depi w mande n sa, nan nenpòt biwo DDS, ak sou sit wèb Depatman an.

**ETA MASSACHUSETTS LA
DEPARTMENT OF DEVELOPMENTAL SERVICES
(DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL)
Admisyon ak Kalifikasyon Rejyonal
Vil/Bouk nan Zòn nan**

**DDS Zòn Santral/Lwès Kowòdonatè
Kalifikasyon nan Zòn nan
One Federal Street
Bldg. 111-2
Springfield, MA 01105
Telefòn pou Admisyon: (413)-205-0940
Faks: (413) 205-1605**

Vil ak Bouk SANTRAL/LWÈS:

Adams, Agawam, Alford, Amherst, Ashburnham, Ashby, Ashfield, Ashley Falls, Athol, Auburn, Ayer, Baldwinville, Barre, Becket, Belchertown, Bellingham, Berlin, Bernardston, Blackstone, Blandford, Bolton, Boylston, Brimfield, Brookfield, Buckland, Charlemont, Charlton, Cherry Valley, Cheshire, Chester, Chesterfield, Chicopee, Clarksburg, Clinton, Colrain, Conway, Cummington, Dalton, Deerfield, Douglas, Dudley, East Brookfield, Easthampton, East Longmeadow, Egremont, Erving, Feeding Hills, Fitchburg, Florida, Franklin, Gardner, Gill, Goshen, Grafton, Granby, Granville, Groton, Great Barrington, Greenfield, Hadley, Hancock, Hampden, Hardwick, Harvard, Hatfield, Hawley, Heath, Hinsdale, Holden, Holland, Holyoke, Hopedale, Housatonic, Hubbardston, Huntington, Indian Orchard, Lancaster, Lanesboro, Lee, Leeds, Leicester, Lenox, Leominster, Leverett, Leyden, Longmeadow, Ludlow, Lunenburg, Medway, Mendon, Middlefield, Millers Falls, Milford, Millbury, Millville, Monroe, Monson, Montague, Monterey, Montgomery, Mt. Washington, New Ashford, New Braintree, New Marlboro, New Salem, North Adams, Northampton, Northbridge, Northfield, North Brookfield, Oakham, Orange, Otis, Oxford, Palmer, Paxton, Pelham, Pepperell, Petersham, Peru, Phillipston, Pittsfield, Plainfield, Princeton, Richmond, Rowe, Royalston, Russell, Rutland, Sandisfield, Savoy, Sheffield, Shelburne, Shirley, Shrewsbury, Shutesbury, Southbridge, South Deerfield, South Hadley, Leominster, Southampton, Southwick, Spencer, Springfield, Sterling, Sturbridge, Stockbridge, Sunderland, Sutton, Templeton, Tolland, Townsend, Turners Falls, Tyringham, Upton, Uxbridge, Wales Ware, Warren, Warwick, Washington, Webster, Wendell, West Boylston, West Brookfield, Westfield, Westhampton, Westminster, West Springfield, West Stockbridge, Whately, Whitinsville, Wilbraham, Williamsburg, Williamstown, Winchendon, Windsor, Worthington, Worcester

**ETA MASSACHUSETTS LA
DEPARTMENT OF DEVELOPMENTAL SERVICES
(DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL)
Admisyon ak Kalifikasyon Rejyonal
Vil/Bouk nan Zòn nan**

**DDS Zòn Metwo
Kowòdonatè Kalifikasyon nan Zòn nan
465 Waverley Oaks Road Suite 120
Waltham, MA 02452
Telefòn pou Admisyon: (781) 314-7513
Nimewo Faks: (781) 314-7539**

Vil ak Bouk nan Zòn Metwo a:

Allston, Ashland, Beacon Hill, Belmont, Boston, Brighton, Brookline, Cambridge, Canton, Charlestown, Chelsea, Chestnut Hill, Chinatown, Dedham, Dorchester, Dover, Downtown Crossing, East Boston, Foxboro, Framingham, Holliston, Hopkinton, Hudson, Hyde Park, Jamaica Plain, Marlboro, Mattapan, Medfield, Millis, Natick, Needham, Newton, Norfolk, Northborough, North Dorchester, North End, Norwood, Plainville, Revere, Roslindale, Roxbury, Sharon, Sherborn, Somerville, Southborough, South Boston, South End, Sudbury, Walpole, Waltham, Watertown, Wayland, West Roxbury, Wellesley, Westborough, Weston, Westwood, Winthrop, Wrentham

**ETA MASSACHUSETTS
DEPARTMENT OF DEVELOPMENTAL SERVICES
(DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL)
Admisyon ak Kalifikasyon Rejyonal
Vil/Bouk nan Zòn nan**

**DDS Zòn Nòdès
Kowòdonatè Kalifikasyon nan Zòn nan
Hogan Regional Center
PO Box A
Hathorne, MA 01937
Telefòn pou Admisyon: (978) 774-5000 ekstansyon 850
Nimewo Faks: (978)739-0420**

Vil ak Bouk nan Zòn Nòdès la:

Acton, Amesbury, Andover, Arlington, Bedford, Beverly, Billerica, Boxborough, Boxford, Bradford, Burlington, Carlisle, Chelmsford, Concord, Danvers, Dracut, Dunstable, Essex, Everett, Georgetown, Gloucester, Groveland, Hamilton, Haverhill, Ipswich, Lawrence, Lexington, Lincoln, Littleton, Lowell, Lynn, Lynnfield, Malden, Manchester, Marblehead, Maynard, Medford, Melrose, Merrimac, Methuen, Middleton, Nahant, Newbury, Newburyport, North Andover, North Reading, Peabody, Reading, Rockport, Rowley, Saugus, Salem, Salisbury, Stoneham, Stow, Swampscott, Tewksbury, Topsfield, Tyngsboro, Wakefield, Wenham, West Newbury, Wilmington, Winchester, Woburn, Westford

**ETA MASSACHUSETTS LA
DEPARTMENT OF DEVELOPMENTAL SERVICES
(DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL)
Admisyon ak Kalifikasyon Rejyonal
Vil/Bouk nan Zòn nan**

DDS Zòn Sidès

**Kowòdonatè Kalifikasyon nan Zòn nan
151 Campanelli Drive Suite B
Middleboro, MA 02346
Telefòn pou Admisyon: (508)-866-5000
Nimewo FAKS: (508)-866-8859**

Vil ak Bouk nan Zòn Sidès

Abington, Acushnet, Asonet, Attleboro, Avon, Barnstable, Berkley, Bourne, Braintree, Brewster, Bridgewater, Brockton, Carver, Chatham, Chilmark, Cohasset, Dartmouth, Dennis, Dighton, Duxbury, East Bridgewater, Eastham, Easton, Edgartown, Fairhaven, Fall River, Falmouth, Freetown, Gay Head, Gosnold, Halifax, Hanover, Hanson, Harwich, Hingham, Holbrook, Hull, Hyannis, Kingston, Lakeville, Mansfield, Marion, Marshfield, Mashpee, Mattapoisett, Middleboro, Milton, Nantucket, New Bedford, North Attleboro, Norton, Norwell, Oak Bluffs, Orleans, Pembroke, Plymouth, Plympton, Provincetown, Quincy, Randolph, Raynham, Rehoboth, Rochester, Rockland, Sandwich, Scituate, Seekonk, Somerset, Stoughton, Swansea, Taunton, Tisbury, Truro, Wareham, Wellfleet, West Bridgewater, Westport, West Tisbury, Weymouth, Whitman, Yarmouth